Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 20 октябрь
РУЗМАН
№ 44 (7479)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Мероприятие**




**Цебелъей**

## ЦIалдохъабазул бераздалъун хасалихълъи

Гьаб анкьалъ Агъвали гимназиялда байбихьул классазда гьоркьоб тIобитIулеб буго «Сверухъ бугеб тIабигIат» дарсида хурхинабураб, цIалдохъабаз эбел-инсул кумекалдалъун гьарурал тIабигIаталда дандчIвалеб материалазул гьарурал тIагIелазул цебелъей. Гьел тIагIелаздалъун байбихьул классазул цIалдохъабаз бихьизабун буго жидер бераздалъун бугеб хаслихълъиялъул тIабигIаталъул бечелъи. Гьез гьарурал батIи-батIиял жалаз хIайран гьаруна гимназиялъул цIалдохъабигун мугIалимзаби.



Выставка тIобитIулеб буго конкурс хIисабалда. Комиссиялъ тIаса бищизе буго бищун лъикIаб хIалтIи ва бергьаразе кьезе руго шапакъатал.

Байбихьул классазул цIалул рахъалъ директорасул заместитель ГIабдусаламова ПатIиматил рагIабазда рекъон, гьединал къецаз лъималазул бугеб махщел-гьунар тIатинабизе ва гьеб цебетIеялъе квербакъула. Гимназиялъул цIалдохъабазда гьоркьоб щибаб четверталда тIоритIулин аслиял дарсазда хурхарал анкьалги, гьезда хурхарал батIи-батIиял кучIдузул, сурат бахъиялъул, кечI гьабиялъул къецалгиян тIаде жубана гьелъ.

**Написат МухIамадова**

## Подписка-2018

Унеб буго районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе 2018-леб соналъул кIиабилеб бащалъиялъе подписка гьаби.

«ЦIумадисезул гьаракь» ккола нилъер районалъул гIумру, гьелъул киналго рахъазул лъикIлъабиги квешлъабиги бихьизабулеб матIу.

Бащдаб лъагIалие газеталъул индекс-51377.

Багьа-215 гъур.

## ГьитIинго щвараб лъай - ганчIида бикIкIараб накъищ

Киниялдаса бахъараб малиялда лъезегIан лъай тIалаб гьабе Шамалде щунгицин МухIаммад аварагас (с.т.гI.в.) абураб хIадисалда хурхараб темаялдаса гара-чIвари гьабуна гьал къояз Метрада росдал школалъул цIалдохъабигун дандчIварал Дагъистаналъул Муфтияталъул лъайкьеялъул



отделалъул нилъер районалда вугев вакил Шамил ХIажиевас ва гьебго отделалъул хIалтIухъан ИсмагIил МухIамадовас.

Тадбир рагьарав школалъул директор Шамил ЯхIяевас цIалдохъабазулгун мугIалимзабазул лъай-хъвай гьабуна гьалбадерилгун ва рагIи кьуна Шамил ХIажиевасе.

-Жакъа нилъеда бихьулеб буго виртуалияб дунялалдеги руссун, чIахIиял классазде рахарал лъималаз цIали рехун толеб букIин. Интерналъулги, медалалъулго гIадин, буго кIиго рахъ. МунпагIат кколедухъ гьеб хIалтIизабуни, заралги букIинаро, амма дарсалги рехун тун, гьелде машгъуллъи битIараблъун бихьуларо.

Жакъа нилъеда рихьулел руго Интерналъ «мехтарал» гIолилаз росулел ругел мекъал галаби, гьел къосулеб куц ва цIар лъезе лъалареб рагъулъ, бищунго ракълилаблъун кколеб ислам динги багьанаде бачун, гIарцул рагъ гьабулезул идеологиялъул асаралде гьорлъе ккарал гIолохъаби чIван лъолеб куц. Лъавукълъи ккола гьелъул аслияб гIилла. Лъай гьечIеб бакIалда жагьиллъиялъ жибго рикIкIуна гIелмулъун. Лъай-гIелму тIалаб гьабизе гIамал гьабе. ГьитIинго щвараб лъай-ганчIида бикIкIараб накъищилан абула гIакъилал умумуз. Гьелъухъего, нужер рес буго гьадинаб гвангъараб, жакъасел тIалабазе жавабги кьолеб школалда светияб ва, тIарикъаталъул устар Гъамбулат-апандил росуцоял хIисабалда, доре-гьанире гьетIичIого, диниябги лъикIаб лъай щвезе. Гьелъиеги гIурал ресал нужер руго: Метрада дагьал гьечIо лъикI гIараб гIелму лъалел гIадамал, гьеб рахъалъ



лъикIаб кумек гьабила нужее росдал дибир ГIалихIажи ГIабдусаламовасги.

Божула, жакъасел цIалдохъаби, рекIее бокьараб махщелги тIаса бищун, лъикIал специалисталлъун рахъинин, цIализе рес щвечIелги сундулъго мисалиял гIадатиял гIадамаллъун, гьелъие кьучIги жакъа щвараб лъаялдасан байбихьун лъелин,-ян тIадчIей гьабуна лъай-гIелмуялда Шамил ХIажиевас жиндирго кIалъаялда.

Бусурбаби, дин-ислам тIибитIиялъе ва цебетIеялъе кквербакъарал, гьелъулъ жидерго хасаб лъалкI нахъе тарал нилъер умумулго гIадин, лъай-гIакълу бугеллъун рукIине ккеялда, лъайги Мисри-Шамалде унги тIалаб гьабизе ккеялда тIадчIей гьабураб кIалъай гьабуна цIалдохъабазулгун букIараб дандчIваялда ИсмагIил МухIамадовасгун тарбиякьеялъул рахъалъ школалъул директорасул заместитель ШугIайб Асланбеговас ва цIалдохъаби ахIана ОГЭ-ЕГЭязде цIалул соналъул тIоцебесеб къоялдасанго щвалде щун, хIадурлъизе, бичIчIизабуна лъалареб жо гьикъи нич гуреблъи, метер кватIун ккечIого букIине, жакъаго лъай тIалаб гьабизе ккоелблъи.

ГIемерал суалал кьуна цIалдохъабазги Муфтияталъул вакилзабазе ва рази хутIана гьез гIатIидго рагьун кьурал жавабаздаса.

Дандельиялъул ахиралда Шамил ЯхIяевас гьалбадерие баркала загьир гьабуна пайдаяб дандчIваялъухъ ва божилъи загьир гьабуна цIалул щибаб четверталда гьединаб цоцо дандчIвай гьабизе рес батилин динияб идараялъул хIалтIухъабаз.

**Хадижат Залимханова**

Херал магIарулал...

# Харабазухъ гьоболлъухъ

Харабазул къо тIоцебесеб октябрь бугониги, тIубараб моцIалъго харабазухъе щун, гьел рохизарун, гьезие гьитIиналго байрамал гIуцIулел рукIуна халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул районалъул Централъул хIалтIухъаби директор Марзигат МухIамадовалъул нухмалъиялда гьоркь.



Гьедин щвана ниж районалъул гIемерисел росабалъе, гьездаго гьорлъ Гьимерсоги. Росдал цIияб спортзалалъуб кванил нигIматаз гьарзаго къачIарал столазда нахъе байрамалъулаб гIодорчIейги гьабун, гьимсадерил харабазе гьез тIобитIана «ГIумрудул хасалихълъи меседилаблъун букIаян абе» абураб тадбир.

ГIодорчIей букIана ракIал рагьараб гара-чIвариги, харабазул рикIкIен гIемерал гIарзал-суалазе жавабалги, Марзигат МухIамадовалъул баркиялъулаб ва жидер гьабулеб тIалаб-агъазалъухъ харабаз загьир гьабураб баркалаги жанибе бачараб, гьеб дагьабго заманаялъ жидер унти-гIузру харабаздаги кIоченабураб, киналго разияб.

-ХIурматиял хараби! Баркула нужеда харабазул байрам. Нужер гIакъиллъиги, гIумрудулаб хIалбихьиги буго гIолохъанаб гIелалъе гIумруялъул дарсаллъун. ГIадада гурелъул Расул ХIамзатовас абун бугеб, «Херал магIарулал, нужер цо рагIи цо гIалимчиясул тIехь буго дие».-ян. Гьеб битIарабги буго. Гьарула нужее щулияб сахлъи, хьизан-лъималаз нуж рохизарураб рахIатаб херлъи, букIа абе нужер гIумрудул хасалихълъи меседилаблъун,-ян абуна жиндирго кIалъаялда Централъул директор Марзигат МухIамадовалъ.



Дандежавабалъулал кIалъаял гьаруна Зайнаб Жалалудиновалъ, ГIайшат ГIабдулаевалъ, Шагьрузат ГIумаровалъ, ПатIимат МухIамадовалъ, ПатIимат ГIалиевалъ, ПатIимат ГьитIинмухIамадовалъ ва, баркала загьир гьабулаго, абуна жал кIочонарин кидаго Марзигатида, росдал ва районалъул нухмалъиялда ва, щиб хъулухъ кканиги, жидее хIалае рахъунел росулъ ругел социалиял хIалтIухъаби ПатIимат МухIамадовалдаса ва Умайгьанат МухIамадгIалиевалдаса жидерго бугеб разилъиги загьир гьабуна.

Байрамалъулаб тадбиралда гIахьаллъаразе лъикIаб асар гьабуна росдал школалъул гьитIичаз кIудиязул адаб гьабизе ккеялда хурхинабураб тематикаялда бихьизабураб церерахъиналъги.

ГIумрудул регарал тIанчазги, бихьараб гIакъуба-захIматалъги рукIкIалаби-сакъатлъи ккарал харабазул ракIазулъе дагьабго мехалъ бугониги, рохел рещтIинабураб тадбир гIемералъ ракIалда хутIина гьимсадерида.

**Заира Шамсудинова,** халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъул отделениялъул нухмалъулей

Маданият

# Фонограммаби тIагIинаризе ахIана

Ахирал соназ кинаб тадбиралде данделъаниги, фонограммаялда ахIулел кучIдуз рахIат хвезабулеб букIана унго-унгояб бацIцIадаб гьаркьидалъун ахIулеб магIна бугеб кечI гIенеккизе бокьарал гIадамазул. Кирго такрарлъулел цого рагIабиги, чидар бакънал рикъун ахIулел кучIдулги ругин гIарзахъдулел рукIаниги, гьелъул ургъел бугев чиго вукIинчIо. Гьале ахирги ирга щванин абизе бегьула культураялдаги гIадлу гьабизе.

Дагъаб цебе, ай 13 октябралъ заманаялъе Дагъистаналъул культураялъул министрасул ишал тIуралей Зарема Бутаевалъ эстрадаялъул кочIохъаби, Дагъистаналъул пачалихъияб филармониялъул солистал ва культуралъул мустахIикъал хIалтIухъаби гIахьаллъун тIобитIараб данделъиялда борхана цIакъ хIажатаб суал: Дагъистаналъул халкъазул миллияб музыкалияб ирс бацIцIадго цIунизе гIоло кочIохъабаз фонограммабаздаса инкар гьабизе ккей.

Данделъи байбихьулаго, гьелъ бицана ахирал соназ кочIохъабаз миллияб хаслъи рехун теялъул ва цокIалал кучIдул ахIун, маданият хIапу-чапуралде буссинабиялъул. Министралъ филармониялъул артистал ахIана чIагояб концертгун цере рахъине ва фонограммабаздаса инкар гьабизе.

Дагъистаналъул халкъияв артист ТIагьир Къурачевас бицана нилъер заманалда къанагIатаб ишлъун лъугьун бугин бацIцIадаб гьаркьидалъун миллияб кечI ахIи, гIемерисел кочIохъаби руссун ругин бертабазул репертуаралде ва гьелъ кверbакъулеб бугин халкъиял кучIдул рехун теялъе.

Халкъалъе кьолел концертазул программаби гIуцIиялъулъ малъа-хъваял кьезе культураялъул хIалтIухъабаздасагун хъвадарухъабаздасан комитетги гIуцIун хIалтIизе ахIана композитор Рамазан Фаталиевасги.

Музыкаялъул дарсал кьолей мугIалим Ирина Нахтугалица эстрадаялъул кочIохъаби жидерго махщел цIубазе Дагъистаналъул пачалихъияб филармониялъул концертазде хьвадизе кколин абуна.

Бадрижат МухIамадовалъул пикруялда рекъон, эстрадаялъул кочIохъабазул профессиональияб даража борхизе мастер-классал гIуцIани лъикI букIинаан.

Ахиралдаги Зарема Бутаевалъ, киналго рекъон, кочIолаб культура бацIцIад гьабиялъе хIалтIизе ахIана ва цIиял хиса-басиязде хIадурал рукIине кколин лъазабуна.

...Ахир-къадги «къватIизехъин бугинха цIер», гьаздаги гьаб ишги ракIалде щун, гьалде кIвар кьезехъин батаниянги абун, Дагъистаналъул культураялъул министерствоялдасан райгазеталъул электроннияб почтаялде бачIараб гьаб кагъат къуна дихъе бетIерав редакторасул ишал тIуралей Хадижат Залимхановалъ, гьелда хурхун бугеб жиндирго пикруги дие загьир гьабун, дирабгоги тIаде жубан, таржама гьабун, газеталъе материал хIадуреян.

Нилъер ракьцояй, шагIир Сабигат МухIамадовалъул творческияб вечералда фонограммаялда кучIдулги ахIун, «халкъиялги, мустахIикъалги артистал» абун цIарал щваралги, гьел щвезе хьул бугелги кочIохъабазул букIараб гIалагьважа ракIалде щвезабуни, Сабигатиеги рихинин, гьей жийгоги рази йикIун ятиларин гьенир ккарал техникиял гьаябаздасан, амма цIакъ ракI буссанин кочIохъабаздасанги кочIодасанги, цадахъ гIодорчIарал Сабигатил творчество бокьулел цогидал районазул вакилзабаздасанги нечанин, амма Хунзахъа гIолохъанчияс хъван аргьангун, чIагояб гьаркьидалъун ахIараб кочIоца гьедигIанго квешги букIун гьечIинха маданиятальулгун адабиятальул ишилан дицаго диего лъикIаб ракI-макIги гьабунилан тIадеги жубана.

-Халкъ гIашикъ буго зурмил къва-къвайгун къолол сас гьечIеб «далай-дулаялъухъ» гуреб, рагIабазулгун бакънзаул авторалги ругел, роцIараб гьаркьидалъун бацIцIадаб мацIалда кучIдул ахIулел тадбирал-дандеруссиназухъ, биччантея, Зулгьа, цо нилъерабго, инсул колода кочIоде рокьи бижараб жугьа,-ян абуна гьелъ ахиралдаги, махсаройщ, уябищ букIарабали батIа бахъизе дида лъачIеб куцалъ угьунги биччан.

БитIараб буго дир пишацоялъул.Чанги концерталде щвана дунги, амма рекIекълъун нахъ юссунаан. Фонограммаялда ахIулел кучIдул гIенеккизе клубалде ун, дицаго дунго гуккулей ятун, къотIи ккана тIокIай концертазде инчIого йикIине. Эстрадаялъул кочIохъабазе къураб шагьи-параялда бахиллъун гуреб, нилъго гIадал гIадамаз нич тIагIун нилъго гуккулел рукIиналъ. Щаялиго цо-кIиго кечI ахIулеб букIаниги, кибго фонограмма хIалтIизабулаан. Цогидазул иш лъаларо, амма дун кутакалда йохарай йиго фонограмма гьукъиялдаса. Ахир-къадги рагIила унгоунгояб бацIцIадаб гьаркьидалъун ахIулеб кечIги ва тIатина кечI ахIизе унго-унгояб гьунар бугел кочIохъабиги.

**Зулфия Сажидова**

Конкурс

# ГIагараб Дагъистан- дир гъансито

12 октябралъ Агъвали миллияб маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана «ГIагараб Дагъистан-дир гъансито» республикаялъулаб конкурсалъул районалъулаб этап. Гьелъул мурадлъун кколаан махщелгьунар бугел лъимал тIатинари ва гьезул махщел цебетIеялъе квербакъи, лъималазулъ кочIодалъунги къурдудалъунги миллияб культураялде рокьи куцай, миллиял музыкалиял алатал машгъурлъизари ва гьезда бакънал рачине ругьун гьари.



Конкурс тIобитIана лъабго номинациялда: миллияб къурди, музыкалиял алатазда бакънал рачин, авар мацIалда патриотикияб кечI ахIи.

Къурдун тIоцебесеб бакI щвана ТIиссиахикь школалъул командаялъе, кIиабилеб-ТIадгъаквари школалъул цIалдохъабазе ва лъабабилеб бакI-КIванада школалъул лъималазе.

Миллиял музыкалиял алатазда бакънал рачине жидер бугеб махщел бихьизабун, тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадгъакквари школалъул цIалдохъаби, кIиабилеб бакIалде ккана Гьигьалъ школалъул команда, лъабабилеб бакIалде-ТIинди школалъул команда.

Патриотикияб кочIол конкурсалда гIахьаллъаразул тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал рикьана Агъвали гимназиялъул ва ТIадгъаквари школалъул цIалдохъабазда гьоркьор ва лъабабилеб бакI ГьигьалъгIурухъ школалъул цIалдохъабазе щвана.

Бергьаразегун призеразе къуна дипломалгун грамотаби. ГIахьалчагIаз жигар бахъана жидер бугеб гьунар ва махщел бихьизабизе. Ахиралда тадбиралъул гIуцIарухъабаз лъималазул гьунаралдаса жидерго бугеб разилъи загьир гьабуна ва гьелгун хадубккунисеб хIалтIи гьабиялде ахIана гьезул нухмалъулел.

**ПатIимат МуртазагIалиева,** лъайкьеялъул районалъул управлениялъул методист

## Районалъул газеталъ 80 сон тIубаялде

# Гъаз нухмалъи гьабуна районалъул газеталъе

**ЖахIбар МухIамадов**



Гьавуна ЦIумадагIурухъ росулъ.

1950 соналъул марталдасан 1952 соналъул августалде щвезегIан хIалтIун вуго газеталъул редакторлъун.

1952 соналъул августалдасан 1954 соналъул августалде щвезегIан цIалун вуго Саратовалда совпартшколалда.

1954 соналъул сентябралдасан цIидасан тIамун вуго редакторлъун ва гьеб хъулухъалда 1968 соналъул ноябралде щвезегIан хIалтIун вуго.

**Жалал ГIабдусаламов**



Гьавуна ТIадгъаквари росулъ.

1952 соналъул августалде щвезегIан хIалтIун вуго газеталъул мухбирлъун.

1952 соналъул августалдасан 1954 соналъул августалде щвезегIан хIалтIун вуго газеталъул редекторлъун.

1954 соналдасан хадувги - мухбирлъун.

**Араб гIасруялъул лъеберабилел – кIикъоабилел соназда республикаялъул «МагIарул большевик» газеталда рахъун рукIарал цо-цо макъалаби. Гьелго макъалаби рахъун руго пачалихъияб архивалда цIунун ругел ЦIумада районалъул газеталдаги.**

### Нижеца лъай борхизабизе тIаде босула

Ниж ЦIумада районалъул КIванада мисалияб школалъул учительзаби нижеца тIаде босула нижерго лъай борхизабизе.

Нижеца тIаде босула 34-35 цIалул соналъул ахиралде вечерни курсалда 7 аб. классалъул программа лъугIизабизе, нижеца гIадин гьеб тIубазабизе къецалдеги ахIула ГIахьвахъ, Гумбет ва Болъихъ районазул мисалиял школазул учительзаби.

Нижги зав. обр. Школа ГIабдурахIманов завуч Гъазияв Дибир, учительзаби ГIалибегов ГI, В. Гъазиев, Д. ГIазизов, ГIусман, М. ЯхIия ва цойги. Гьаздасан мисал босе цогидал мисалиял школазул учительзабаз.

**С. Шахшаев,** корреспондент
№22, 15 декабрь 1934 сон.

* * *

### Къецалде ахIи

Дун ЦIумада районалъул Хуштада участкаялъул письмоносец (цоцахъе кагътал рачулев чи) Шамхалов М. дица тIаде босула почалде бачIараб газет, журнал ва кагътал камизе ва кватIизе течIого, жиндир заманалда абуначагIазухъе щвезаризе.

Гьеб хIалтIиялъе къецалдеги ахIула гьебго районалъул Гъаквари, ТIинди, ЦIумада ва Хъварщи участкабазул письмоносцал. Хьулги буго «МагIарул большевикалдалъун» жавабги къелебилан.

**Шамхалов М.** 1 декабрь 1935 сон.

* * *

### Гьал ударникаби

ЦIумада районалъул ТIад Гъакварисa Майсарат ГIалиева, БатIина Жаватова ва ГIатигат Жаватоваги рукIана жидер лъай гьечIел, нахъеккарал ясал. 1930 соналъ комсомолалъул мухъилъеги лъугьун, гьез жигар бахъана хьвайцIали лъангутIигун политикияб лъай гьечIолъи тIагIинабизе. Жигар бахъулеб буго жидее щвараб лъай цогидал ясазе къун, партиялъгун хIукуматалъ тIоритIулел политикиялги магIишатиял компаниябы тIуразариялда сверухъ гьел гIуцIизе, руччабазухъа лъай гьечIолъи тIагIинабиялдаго цадахъ, гьел партиялъгун хIукуматалъ церелъурал масъалаби тIуразариялъулъ гIахьал гьаризе.

… Гьаздаса мисал босун хIалтIизе ккела нахъиял руччабиги киналго сиясиялгун магIишатиял кампаниязда гьоркьор.

**Хамсат.** 22 июль 1935 сон.

* * *

### Ясаз комсомолалде росеян гIарзаби кьолел руго

ЦIумада районалъул Лъондода комсомол гIуцIиялъ гIолил ясазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи кутакльизабуна ва хасго гьезул политшкола гIуцIана. Гьеб хIалтIул хIасиладда 4-5 къоялъ жал комсомолалде росеян гIарзаби къуна ва цого цо-цо чангоял хIадурлъулел руго, хIалтIи лъикI гьабуни хIасилги кидаго лъикI ккезе буго.

**Шамхалов,** №34. 10 апрель.

* * *

### Испаниялъул бахIарчияб халкъалъул руччабигун лъималазе кумек

ЦIумада районактивалъул ва хъулухъчагIазул руччабаз 6 октябралда митинг гьабуна. Митингалда Испаниялъул бахIарзазул руччабазе ва лъималазе кумек гьабиялъул хIакъалъулъ цо чанго чIужугIадан яхъун кIалъана.

Гьеб митингалда бакIарана 300 гъурущ. Кумекалъе гIарац бакIариялъул иш билъанхъулеб буго.

**МухIамаев Р.** №97. 24 октябрь,1936 с.

### 130 сон барав чи

ЦIумада районалъул Гъоркьа Гъаквари вуго 130 сон жиндир гIумруялъул бугев КъурамухIама абурав чи. ГьабсагIаталда гьев росулъ бокьаралъуве ине кIолеб сураталда чорхолъ гьунаргун вуго.

КъурамухIамадица бицуна цебе заманалъул харбал, цебе пачаясул заманаялъ захIматчагIазе рукIарал кваралъабазул. Гьес гIемер бицен гьабула дунялалъул канлъи бихьичIого араб жиндир цебесеб гIумруялъул. ГIемер абула гьес цIакъ вохарав вугин жив 130 сон гIумруялъул тIад хадубккунги жинда гьадинаб эркенаб, рохалилаб гIумру бихьидал абун.

**Б.ГI.А.** №40. 10 май, 1937 с.

* * *

### РакI унтун балагьани холебги чIаголъула

ЦIумада районалъул ТIисси росдал колхозалъул цо лемаг бацIица лъукъун ургьимесги къватIибе бачIун хвеялде ккун букIана. Удаман ХIажияс ва бригадир М. ГIабдулкъадирицаги гьеб лемагалъул ругънада тIад цойги хIайваналъул тIехьги букъун ва берцинго гьелъие хъулухъги гьабун хвеялдасан борчIизабуна.

Гьал гьалмагъзабаз рагIи кьолеб буго, гьанжеялдаса нахъеги жидерго ясбергIадин жидеца жамгIиятияб гIи-боцIи цIунилин абун.

**Кадиров** №4 15 январь, 1937 с.

* * *

### Къойил лъабго сагIат - лъай борхизабиялъе

ЦIумада районалъул Силди росулъ чIаIиязул цIали лъикI унеб буго. Политучитель МухIамадовасул хIаракаталдалъун чIахIиязул цIалул рукъзал ремонт гьабун къачIана. Гьединго гьениб жаниб гIураб къадаралда скамейкаби, доскаби чIезаруна. 1 маялде щвезегIан дагьлъай ва лъангутIи тIагIинабиялда тIад бихьиналгун руччаби, цоцалъ къецги ахIун, щибаб къоялъ 3-3 сагIаталъ цIалулел руго.

**Мухбир** 22 ноябрь 1936 с.

* * *

### Шамхаловасул къецалъе лъица жаваб кьолеб?

ЦIумада районалъул Лъондода первичнияб гIуцIиялъул комсорг Шамхаловас 55 гъурущалде лоторейниял белтал росун руго ва комсомолазул политшколалъе хIажатал жал рачIинарзе 58 гъ. кьун буго. Гьес, жинца гIадин, гIаммаб школалде гьорлъе лъугьун кумек гьабизе лотореялъул белтал росизеги тIолго ЦIумада районалъул комсоргал ва комсомолцалги соцкъецалде ахIулел руго.

**Редакция** №27, 24 март

* * *

### Диниял ишал хьвадизари комсомолазда рекъараб иш гьечIо

ЦIумада районалъул Хуштадаса комсомол МуртазагIалиевас КIванадеги вачIун чIужуялъул эмсулги, чIужуялъул эбелалъулги лъикIаланго боцIиги хвезе гьабун рухIаниязул мурад тIубалеб къулгьуялъе бетIерлъи гьабуна. Гьесул зикру бачиналъ цоги рухIаниязул гьаракь гьоркь къвазабун букIана. ЦIумада РК ВЛКСМалъ гьасулгун гара-чIвари гьабизе ккола.

**Пиро.** №13 8 февраль 1936 сон.

**ХIадур гьабуна «ХIакъикъат» газеталъул отделалъул нухмалъулев Пайзула ПАЙЗУЛАЕВАС. Материалазда орфографиягун пунктуация цIунун буго газетазул архивалда батухъе.**

«Редакция газеты «Щумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул бакIалда Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул
2-52-44
Жавабияй секретаралъул
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

Спорт-Спорт-Спорт

## Нилъер ясазул бергьенлъи

МахIачхъалаялъул «Труд» спортивияб стадионалда тIобитIана 2002-2003-лел соназ гьарурал ясазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьениб гIахьаллъана батIи-батIиял районаздасагун шагьараздаса кинабниги анцIила анлъго команда. Нилъер районалъул ДЮСШялъул командаялда гьорлъ хIалел рукIана Агъвалиса Абакарова Муъминат, Керимова Зульфия, ГIабдулаева Аида, МухIамадова Сидрат, Мусаева Мадина ва Гъоркьгъаквариса МухIамадзагьидова Аминатгун ХIажимухIамадова Сах.

Командаби рикьун рукIанаункъо къокъаялде. Жидерго группаялда Гъизилюрт, Хасавюрт шагьаразул ва Гумбет, Казбек районалъул командабазда тIад нилъер ясаз ракIчIараб бергьенлъи босана 2:0 хIасилгун.

Финаларде рахъунаго, нилъер ясазде данде хIалеб букIана Каспийск шагьаралъул команда. Гьениб нилъеразе дагьаб икъбал ккечIо ва 2:1 хIасилгун къана. Лъабабилеб бакIалъе гIоло къеркьолаго, нилъер ясал 2:0 хIасилгун Курах районалъул командаялдасаги бергьун, Первенствоялъул мазгарул призералльун рахъана ва мустахIикълъана грамотабазегун, медалазе ва кубоказе.

Баркула ясазда ва гьезул тренерал ХIайбула НурхIажиевасдагун МухIамад Сулеймановасда бергьенлъи.

**Шамил Сажидов**, ДЮСШялъул методист

## Идрисил бергьенлъи



Дагьаб цебе Москваялда тIобитIана НСБялъул ва къуваталъул идарабазул хIалтIухъабазда гьоркьоб рагъулаб профессионалияб самбоялъул рахъалъ WCSFалъул чемпионат.

Гьениб 74 кг. цIайиялда гIахьаллъи гьабурав Гьадириса МухIамадов Идрисие щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула Идрисида бергьенлъи, гьарула хадубккунги бергьенлъаби росизе икъбал.

**Пайканат ХIадисмухIамадова**

### Спорт бокьулезе лъазаби

ГТОялъул нормаби кьеялъулъ гIахьаллъизе бокьарал районалдаса чIахIияб гIелалъул гIадамал рачIине бегьула гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул отделалде гIарза хъвазе.

## Так служат наши земляки




ЖЕЛЕЗНОДОРОЖНЫЕ ВОЙСКА
БЛАГОДАРСТВЕННОЕ ПИСЬМО
УВАЖАЕМЫЕ
Шамиль Сиражудинович
и Раисат Джахбаровна
Командование войсковой части 01228 сообщает, что Ваш сын Магомед за время прохождения службы проявил свои лучшие качества защитника Отечества. Магомед в совершенстве овладел воинской специальностью, отлично несет службу в нарядах, принимает активное участие в общественной жизни подразделения, является образцом исполнительности и дисциплинированности для сослуживцев.
Командование войсковой части 01288 благодарит Вас за воспитание мужественного, беззаветно преданного Родине и высокому воинскому долгу истиного патриота страны.
Командир войсковой части 01228
полковник А. Кузьмин

Такое письмо получили родители солдата срочной службы из селения Кеди Магомеда Магомедова Шамиль и Раисат.

Он является достойным примером для подражания нашим призывникам и молодежи.

**Шахрурамазан Махаев**

**Газеталъул кIикъоабилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал**

**ГIебеде.** 1.Технеций 2. Прометий 5.Радон 6. Франций 7. Радий 8. Актиний 10. Протактиний 12.Нептуний 14. Америций 16. Берклий 17. Калифорний 18. Эйнштейний 19. Фермий 20. Менделевий 24. Дубний 25. Сиборгий 26.Борий 31. Коперниций. 32. Флеровий.

**ГIодобе.** 3.Полоний 4.Астат 9.Торий 11. Уран 13. Плутоний 15. Кюрий 21. Нобелий 22. Лоуренсий 23.Резерфордий. 27.Хассий 28. Мейтнерий 29. Дармштадтий 30. Рентгений 33.Ливерморий.

## Мисалияв студент ва спортсмен

Гьаб сураталда медалаз керенги цIун нужеда вихьулев, КIочIалиса МухIамад Мусаев ккола Саратовалъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул анлъабилеб курсалъул студент. 2008 соналъ Агъвали гьоркьохъеб школаги лъугIизабун МухIамад цIализе ана Гъизляралъул медицинаялъул колледжалде. 2012 соналъ тIокIлъиялда гьебги лъугIизабун, гьев цIализе ана Саратовалде.



ГьитIинго бижана МухIамадил спорталдехун рокьи. Агъвали школалда цIалулаго, гьев хьвадулаан эркенаб гугариялъул секциялде. Гъизляралда цIалулаго машгъуллъана жубараб единоборствоялде ва Саратовалдаги гIемер цеве вахъунаан спорталъул гьеб рахъалъ ва призалъулал бакIалги росула.

ЦIалульги спорталъульги дандиязе мисаллъун вуго МухIамад жакъаги. Гьесдасан рази руго университеталъулал. Нилъ чIухIарал руго рикIкIада вугониги, цIумадисесул цIар борхатго ккурав, яхI-намус ва гIодовиччай чорхолъ бессарав МухIамадил бергьенлъабаздаса. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, цIалулъгун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби ва халатаб талихIаб гIумру.

### Дагъистаналдаса регбистал-цебесеб кьерда

13-15 октябралъ Крым Республикаялъул Феодосия шагьаралда тIобитIана тIадегIанал цIалул заведениябазул студентазда гьоркьоб регби хIаялъул рахъалъ Российалъул чемпионат.



Гьениб Дагъистаналъул байрахъалда гьоркь цебе бахъана нилъер ракьцоя, спорталъул мастер МухIамад ХIажимухIамадовас тренерлъи гьабулеб ДГПУялъул тIаса бищараб команда.

ХIалуцарал кьецазулъ лъабабилеб призерлъун бахъана нилъер васазул команда.

Ясаз жидеда рацадал цонигиял гьечIеблъи бихьизабуна-гьел рахъана чемпионаллъун.

Гьаниб бихьизабичIого гIоларо васазул командаялъулъ хIалел анцIила кIигоязда анкьгояв нилъер районалъул батIи-батIиял росабалъа студентал рукIин. Гьеб нилъ рохизе ва чIухIизе ккараб хIужа буго.

Баркула тренер МухIамад ГIалиасхIабовичасда ва регбистазда бергьенлъаби. Гьарула гьезие хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби, сахлъи ва спортивияб икъбал.

## Призераллъун рахъана

Араб гьатIан къоялъ Хасавюртална тIобитIана Шамил ГIумаханов ракIалде щвезавиялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер 57 кг. цIайиялда ГIабасхIажи МухIамадовасегун 70 кг. МухIамадрасул ГъазимухIамадовасе кIиабилеб ва 97 кг. цIайиялда Шамил Мусаевасе лъабабилеб бакIал щвана.

Баркула киназдаго бергьенлъаби ва гьарула щулияб сахлъи.

**МухIамад Къасумилав**

**Аллагьасул цIар кIочон, кIиго гали бахъунге,**
**ЩайтIаналъул каранда бухIараб цIа рекIине.**

**Гьигьалъа ХIусейнияв МухIамад**